





Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Premye ane

Jeyometri 3-D



Chè Fanmi,

Nou ap kòmanse yon nouvo inite nan matematik ki rele *Jeyometri 3-D*. Inite detid sa konsantre sou dekri e konpare figi 3-D, espesifikman pou idantifye karakteristik figi a. Elèv pral travay sou marye yon figi 3-D avèk reprezantasyon 2-D li, konstui e trase bilding nan “Geoblock town” yo. Yo pral entwodui elèv tou ak solid 3-D adisyonèl e yo pral mande yo pou konpare kòn avèk silend. Nan tout inite a, elèv pral kontinye travay kote yo pral itilize diferan gwoup monnen pou konplete yon dola pandan Woutin Matematik ki ap dire Di Minit nan. Objektif enstriktif espesifik elèv pral travay sou li yo nan lis anba avèk egzanp ki montre konpreyansyon elèv nan chak objektif enstrikti.

Objektif Enstriktif: Idantifye, deskri, konstui, e trase figi 3-D.	
Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon Elèv
<p>Itilize endis pou rezoud devinèt anba yo. Lonmen e trase figi yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mwen se yon figi 3-D. • Mwen genyen 8 vètèks. • Mwen genyen 12 bò. • Mwen genyen 6 fas ki genyen menm kote e fòm yo egzak. 	 <p>Kib</p>  <p>Mwen konnen ke yon kib e yon pris rektangilè genyen 8 vètèks e 12 bò, men se sèlman yon kib ki genyen 6 fas ki genyen menm mezi egzak egzak menm gwosè ak fòm.</p>
Objektif Enstriktif: Chèche valè yon gwoup dim ak penni e bay konbyen nan chak monnen sayo ki konplete yon dola.	
Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon Elèv
<p>Vinnie vle achte yon tranch piza pou yon dola nan Sware Mouvi. Konbyen trimès dola li bezwen pou l achte piza a?</p>	  <p>Mwen konnen ke 4 trimès dola egal yon dola. Vinnie bezwen yon dola pou achte yon tranch piza.</p> <p>Vinnie pral bezwen 4 trimès dola pou achte yon tranch piza.</p>

Bagay ou kapab fè lakay pou ede pitit ou nan inite detid sa a:

- **Chase Figi 3-D**

Ou jwenn figi tout kote. Pale avèk pitit ou sou figi twa-dimansyonèl ke ou wè chak jou—soti nan bilding ki nan katye ou rive nan bwat sereyal nan kabinè a. Pafwa, enkli deskripsyon figi 3-D nan sa ou kapab di. Pa egzanp, “twati bilding sa fèt nan fòm yon piramid.” Nan kèk lòt okazyon, mande pitit ou pou chèche pou figi espesifik. “Gade konbyen silend ou kapab jwenn pandan nou nan episye a.”

- **Fòm Figi**

Fòm figi se yon bon mwayen pou aprann yo. Lakay, pitit ou kapab itilize tèglèz, chalimo, oswa ne fil oswa kòd pou diferan figi. Mande pitit ou:

- Eske ou kapab fòm figi ki genyen twa kote? Eske ou konnen non figi sa?
- Eske ou kapab trase yon kib? Konbyen kote li genyen?

Ou kapab tou trase diferan figi epi mande pitit ou pou lonmen yo e dekri yo. Poze pitit ou kesyon sou nonm kote, bò, fas, kwen, epi/oswa fòm fas yo, tankou sayo:

- Mwen ap trase yon figi 3-D. Konbyen fas li genyen?
- Se ki fòm fas yo genyen? Eske ou konnen non figi sa?

- **Trase yon Bilding**

Klas nou an ap pratike mwayen pou trase figi 3-D yon fason pou yo sanble papye “klake”. Genyen plizyè fason ou kapab fè sa. Mande pitit ou pou chwazi yon bilding abityèl—petèt kay ou oswa yon lòt kay ou kapab wè nan yon fenèt. Pale sou fòm bilding lan answit mande pitit ou pou trase epi make bilding lan nan yon fason ki rezonab pou yo. Kèk timoun renmen trase bilding nan diferan pèspektiv, oswa pwendvi. Genyen lòt ki itilize liy ak pwen pou montre sa ki pa vizib devan.

- **Bilding avèk Figi**

Kolekte blòk bilding 3-D, jwèt konstriksyon, oswa bwat vid ak timamit ke pitit ou kapab itilize pou konstui. Timoun kapab eseye konstui bilding anpatikilye oswa menm nan tout katye yo. Pale sou figi pandan yo ap travay. “Kòman ou pral rele figi a ou itilize nan premye etaj bank lan? Ki figi ou pral itilize pou twati a?”

- **Manyèl Matematik pou Elèv**

Sonje pou refere Manyèl Matematik Elèv la ki disponib an po di oswa elektwonikman nan Angel. Manyèl Matematik Elèv la pral bay enfòmasyon adisyonèl sou estrateji enstriksyonèl pou ede elèv avèk devwa oswa bayo direksyon sou kòman pou jwe jwèt ke elèv yo ap travay sou li yo nan klas.

